दिन–शनिवार दिनांक–22.06.2024

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

संयुक्त मेडिकल प्रवेश परीक्षा–नीट पेपर लीक मामिला मे आर्थिक अपराध इकाई ईओयू कार्रवाई तेज कऽ देलक अछि। एहि मामिला मे एक आरोपी सिन्टू कुमार के ईओयूक टीम झारखंडक देवघर सँ पटना आनि कऽ पूछताछ कऽ रहल अछि। ओतहि, तीन आन व्यक्ति के सेहो हिरासत मे लऽकऽ हुनका सँ पूछताछ भऽ रहल अछि। एम्हर, एहि मामिला के लऽकऽ आरोप–प्रत्यारोप शुरू भऽ गेल। राष्ट्रीय जनता दलक वरिष्ठ नेता आ पूर्व उपमुख्यमंत्री तेजस्वी प्रसाद यादव कहलनि अछि जे पेपर लीक मामिलाक दोषी सभक विरूद्ध कार्रवाई करबाक बदला केन्द्र सरकार लोकसभक ध्यान एहि विषय सँ हटाबय चाहैत अछि। पटना मे पत्रकार लोकनि के ओ कहलनि जे पहिने पेपर लीक सँ नकारयवला सरकार आब एकरा रोकबाक लेल कानून लागू करबाक बात कहि रहल अछि। दोसर दिस भाजपा, जदयू आ एनडीएक आनो दल पेपर लीक मामिला तेजस्वी प्रसाद यादवक पीएस सँ जुड़ल रहबाक आरोप लगौलक अछि।

---

केन्द्र सरकार प्रतियोगी परीक्षा मे कदाचार आ अनियमितता पर अंकुश लगेबाक लेल एक पैघ कानून बनौलक अछि। नव कानूनक अंतर्गत दोषी व्यक्ति के अधिकतम दस वर्षक जेल आ एक करोड़ टाका धरिक जुर्मानाक प्रावधान कयल गेल अछि। कार्मिक मंत्रालय अधिसूचना जारी कऽ कहलक अछि जे नव कानूनक प्रावधान आइ सँ शुरू भऽ जायत। ई सार्वजनिक परीक्षा अनुचित साधनक रोकथाम विधेयक दू हजार चौबीस छओ फरवरी के लोकसभा आ नओ फरवरी के राज्यसभा सँ पारित भेल छल। राष्ट्रपति द्रौपदी मुर्मू बारह फरवरी के एहि विधेयक के मंजूरी दऽकऽ एकरा कानून मे बदलि देलनि। संघ लोक सेवा आयोग, कर्मचारी चयन आयोग, राष्ट्रीय परीक्षा एजेंसी–एनटीए, रेलवे भर्ती बोर्ड, बैंकिंग भर्ती परीक्षा निकाय आ आनो सार्वजनिक परीक्षा मे कदाचार आ अनुचित साधन के रोकबाक लेल ई अधिनियम बनाओल गेल अछि।

---

एहि मध्य शिक्षा मंत्रालय राष्ट्रीय पात्रता परीक्षा एनटीएक परीक्षा मे गड़बड़ी के रोकबाक वास्ते आ एहि मे पारदर्शिता लयबाक लेल सात सदस्यीय उच्च स्तरीय कमिटीक गठन कयलक अछि। इसरोक पूर्व अध्यक्ष आ आईआईटीक कानपुरक पूर्व निदेशक के. राधाकृष्णन एकर प्रमुख भेलाह। केन्द्रीय शिक्षा मंत्रालयक संयुक्त सचिव गोविन्द जायसवाल एहि कमिटीक बनाओल गेल छथि। ई कमिटी दू मास मे शिक्षा मंत्रालय के अपन रिपोर्ट सौंपत।

---

वित्त मंत्री निर्मला सीतारामन आइ नव दिल्ली मे सभ राज्य आ केन्द्र शासित प्रदेशक वित्तमंत्रीक संग चर्चा कयलनि। बैसार मे गोवा, मेघालय, मिजोरम, नागालैंड आ सिक्किमक मुख्यमंत्री तथा बिहार, मध्यप्रदेश, ओडिशा, राजस्थान आ तेलंगानाक  उपमुख्यमंत्री भाग लेलनि। वित्त मंत्री काल्हि किसान संघक प्रतिनिधि आ कृषि अर्थशास्त्री लोकनि संग बजट पूर्व परामर्श कयने छलीह।

---

प्रदेश मे दक्षिण–पश्चिम मॉनसून आबि चुकल अछि। एकर प्रभाव सँ राज्यक उत्तरी आ उत्तर–पूर्व भाग मे कतेको ठाम बरखा भऽ रहल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार पछिला चौबीस घंटा मे वजीरगंज मे सभ सँ बेसी चौवालीस दशमलव दू मिलीमीटर बरखा दर्ज कयल गेल। आइ प्रदेशक अधिकांश भाग मे आंशिक बरखा हेबाक संभावना अछि। ओतहि, पूर्वी चंपारण, पश्चिमी चंपारण, गोपालगंज, अररिया आ किशनगंज जिला मे भारी बरखा के लऽकऽ येलो अलर्ट जारी कयल गेल अछि। मौसम विभाग कहलक अछि जे एहि क्रम मे चालीस सँ पचास किलोमीटर प्रतिघंटाक गति सँ तेज हवा चलबाक संभावना अछि। एम्हर, मॉनसूनक आगमनक बाद प्रदेश मे अधिकांश ठाम तापमान मे चारि सँ पाँच डिग्री सेल्सियस कमी आयल अछि।

---

पटनाक ज्ञान भवन मे आइ सँ दू दिवसीय आम महोत्सव शुरू भेल। कृषि विभागक दिस सँ आयोजित एहि महोत्सवक उद्घाटन मुख्यमंत्री नीतीश कुमार कयलनि। महोत्सव मे

तीन सय सँ बेसी प्रकारक आमक प्रजाति के प्रदर्शित कयल गेल अछि। एहि अवसर पर कृषि मंत्री मंगल पांडेय समेत आनो गणमान्य लोक उपस्थित भेलाह।

———————————————————————————

गीतकार पंडित विलास बिहारी झाक स्मृति मे साहित्य सम्मेलन एहि वर्ष सँ एक नामित सम्मान आरम्भ करत। साहित्य सम्मेलन पटना मे हुनक पुण्य स्मृति दिवस पर आयोजित कार्यक्रम मे ई जनतब सम्मेलनक अध्यक्ष अनिल सुलभ देलनि। ओम्हर, बेगूसराय जिलाक मटिहानी शाहपुर मे आइ वयोवृद्ध समाजसेवी चमेली देवीक निधन पर आयोजित श्रद्धांजलि सभा मे उपस्थित गणमान्य लोक हुनका श्रद्धांजलि देलनि। ई जनतब हुनक पुत्र अजय ठाकुर देलनि।

———————————————————————————

मधुबनी जिला मे पोखरि सभक भऽ रहल अतिक्रमणक विरोध मे आइ कांग्रेस कार्यकर्ता लोकनि समाहरणालयक सोझा धरना प्रदर्शन कयलनि।

पूणे मे आयोजित राष्ट्रीय रग्बी फूटबॉल प्रतियोगिता मे बिहारक प्रतिनिधित्व करैत खेलाड़ी अंशु स्वर्ण पदक जीतलनि अछि।

———————————————————————————

एहि संग आकाशवाणी, दरभंगा आ विविध भारती पटना सँ प्रसारित संवादक ई अंक समाप्त भेल।